

**WERDINE WEWALERE BOCAH ING DESA BULUREJO KECAMATAN RENGEL KABUPATEN TUBAN:
JINGGLENGAN ADHEDHASAR BLEGER SINTAKTISE UKARA PANDHAPUKE**

Agung Bahroni, Drs. Surana, M.Hum.

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

agungbahroni666@gmail.com

Abstrak

Wewaler mujudake paugeran kang bisa ngasilake solah bawa kang pener. Paugeran kasebut diandharake lumantar tuturan kang awujud ukara. Saka blegger ukarane wewaler kasebut uga bisa dimangerteni werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban. Mula panliten iki dipunjerake marang werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban adhedhasar blegger sintaktise kang kaperang adhedhasar jinise maksud yaiku, (1) blegere ukara kang ndhapuk wewalere bocah kang nduweni maksud menging, (2) blegere ukara kang ndhapuk werdine wewalere bocah kang nduweni maksud ngongkon, lan (3) blegere ukara wewalere bocah kang nduweni maksud mrayogakake.

Panliten ngenani werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban nggunakake teori semantik generatif. Kanggo nemokake werdi kang kinandhut sajrone wewaler kudu mangerteni maksud lan kalungguhan ukarane wewaler. Maksud diweruhi saka anggane nuturake wewaler, dene kalungguhan ukarane wewaler bisa dimangerteni saka wujud lan guna ukarane wewaler. Sawise mangerteni maksud lan kalungguhan ukarane wewaler, kekarone banjur digayutake temah ngasilake werdine wewalere bocah.

Panliten ngenani werdine wewalere bocah iki nggunakake panliten dheskriptif analitik lan nduweni sipat sinkronis. Tata carane nglumpukake dhata nggunakake metodhe semak kanthi nggunakake teknik lanjutan, teknik sadhap, teknik mawa wicara, teknik tanpa wicara, teknik cathet.

Andharan ngenani werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban dijingglengi adhedhasar blegger sintaktise ukara. Dadi anggane ngoceki werdine kanthi nggatekake blegger sintaktis kang ana sajrone ukarane wewalere bocah. Blegger sintaktis kang dikarepake yaiku apa wae kang ana sajrone ukara kanthi dhasar triaspek sintaktis yaiku, wujud, guna, lan kalungguhan. Sanajan anggane ngandharake adhedhasar blegger sintaktise ukara pandhapuke, nanging anggane merang adhedhasar jinise maksud kang ana sajrone wewalere bocah yaiku maksud menging, maksud ngongkon, lan maksud mrayogakake. Gandheng wewaler kang nduweni maksud menging akeh cacahé, mula jinise wewaler kang nduweni maksud menging diperang maneh adhedhasar jinise ukara, yaiku ukara lamba lan ukara camboran. Saben jinise ukara kasebut diperang maneh adhedhasar gunane ukara yaiku mawa lesan mawa geganep, mawa lesan tanpa geganep, tanpa lesan mawa geganep, tanpa lesan tanpa geganep.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Wewalere bocah yaiku sawijine paugeran kanggo bocah supaya bisa ngecakake solah bawa kang pener. Paugeran kasebut diwenehake nalika isih bocah supaya bocah bisa nduweni solah bawa kang pener wiwit isih bocah nganti diwasa. Anggane menehake wewaler marang bocah yaiku lumantar tuturan kang awujud ukara.

Sanajan anggane ngandharake lumantar tuturan, nanging wewalere bocah uga nduweni dhapur kang bisa diarani ukara kanthi sarate ukara yaiku kasusun saka jejer lan lesan. Dhapur ukarane wewalere bocah maneka warna wujud sanajan jejer sajrone ukara kuwi padha yaiku bocah uga jejer kasebut ora dikatonake. Mula dhapur wewalere bocah uga bisa diarani ukara amerga wis njangkepi sarat ukara.

Dene jinise ukara kang disandhang dening wewaler kalebu ukara pakon amerga nduweni surasa mrentah. Ukara pakon kaperang dadi loro adhedhasar kalungguhane yaiku pakon tanggap lan pakon tanduk. Pakon tanggap ngemu surasa menging kang katitik saka tembung kriya kang nduweni kalungguhan kasebut minangka pakaryan kang ora oleh dilakoni. Dene pakon

tanduk ngemu surasa ngongkon kang katitik saka tembung kriya kang nduweni kalungguhan kasebut minangka pakaryan kang kudu dilakoni.

Dhapure wewaler minangka perangan kang dideleng saka susunan ukarane wewalere bocah, perkara kasebut uga bisa diarani wujud lair. Saliyane nduweni wujud lair, wewaler uga nduweni wujud batin yaiku werdine wewalere bocah. Wewalere bocah nduweni werdi tartamtu kang wis ana sadurunge wujud wewaler kuwi ana. Wujud batine wewaler kang awujud werdine ana luwih dhisik tinimbang wujud laire wewalere bocah.

Dhapure wewaler diandharake lumantar telung perangan sintaktis yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Telung perangan kasebut ora bisa dipisahake, amerga katelune ana gegayutane. Perangan kang paling wigati saka telung perangan kasebut yaiku kalungguhan kang dumadi saka gegayutane wujud lan guna. Kalungguhan uga minangka perangan kang wigati sajrone nemtokake werdi kang kinandhut sajrone wewaler. Sawise mangerteni kalungguhan kang ana sajrone ukara banjur digayutake marang maksud sajrone wewaler satemah bisa ngasilake werdine wewalere bocah.

Werdine wewalere bocah ndudut kawigaten kanggo ditliti, amarga wewaler minangka sawijine paugeran kang

ana ing masyarakat Jawa kang kudu diweruhi werdine. Anggone ngandharake werdi ora mung ngandharake werdine blaka, nanging uga bakal diandharake struktur sintaktis kang disandhang dening ukarane wewaler supaya nggampangake anggone ngonceki werdine wewaler.

Punjere Panliten

Punjere panliten iki yaiku werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban: adhedhasar bleger sintaktise ukara pandhapuke. Perkara kasebut bakal dipantha dadi telu, yaiku:

1. Bleger sintaktise ukara kang ndhapuk wewalere bocah kang nduweni maksud menging.
2. Bleger sintaktise ukara kang ndhapuk wewalere bocah kang nduweni maksud ngongkon.
3. Bleger sintaktise ukara kang ndhapuk wewalere bocah kang nduweni maksud mrayogakake.

Tujuwane Panliten

Tujuwane panliten iki yaiku ngandharake werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban: jingglengan adhedhasar bleger sintaktise ukara pandhapuke kang kaperang dadi telung perkara ing ngisor iki:

- 1) blegere ukara kang ndhapuk wewalere bocah kang nduweni maksud menging.
- 2) blegere ukara kang ndhapuk wewalere bocah kang nduweni maksud ngongkon.
- 3) blegere ukara kang ndhapuk wewalere bocah kang nduweni maksud mrayogakake.

Paedahe Panliten

Asile panliten iki bisa migunani kanggo pangrembakane ilmu semantic ngenani satuwan semantik yaiku ngenani werdi. Saliyane iku bisa kanggo panliten sabanjure supaya bisa luwih cetha lan njlimet anggone ngandharake lan njlentrehake ngenani werdi.

Andharan lan jlentrehan ngenani maksud, makna, lan tegese wewalere bocah dikarepake bisa menehi paedah kanggo pamaca supaya luwih cetha anggone ngerteni werdine wewalere bocah kanthi cara njlentrehake saben ukarane wewalere bocah.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Wewalere Bocah minangka Perangane Wewaler

Wewaler minangka sawijine paugeran kang diugemi dening wong Jawa kang bisa ngasilake salah bawa kang pener. Asile wewaler kuwi minangka implikasi saka cara mikire wong Jawa kang asipat mistis. Wewaler kang ana ing masyarakat Jawa ora nduweni kaajegan lan wewatesan tartamtu. Perkara kuwi disebabake wewaler nduweni sipat fleksibel, amarga dumadine wewaler saka pamikire wong Jawa. Minangka jejere paugeran, wewaler minangka piranti sosial kang bisa njaga kaajegan sosial ing Jawa.

Wewalere uga mujudake sawijine etika Jawa kang kalebu prinsip moral. Miturut Suseno (1988: 53) prinsip moral yaiku sawijine sikap batin kang dicakake kanthi wujud lahiriah. Mula saka kuwi wewaler

nuduhake sawijine sikap kang bisa dititiki saka salah bawane.

Wewaler uga kaperang adhedhasar kang dikenani wewaler yaiku, wewaler kanggo bocah, wewaler kanggo wong enom, wewaler kanggo wong mbobot, wewaler kanggo wong tuwa, lan sapanunggalane. Dene wewalere bocah yaiku paugeran kanggo bocah supaya ora nindakake salah bawa kang ora pener. Wewalere bocah minangka pasinaon moral kanggo bocah supaya bocah bisa ngecakake salah bawa kanthi pener nalika isih bocah lan sabacute nalike wis gedhe.

Wewalere Bocah minangka Struktur Gramatikal Sintaktis

Wewalere bocah minangka paugeran kang wujud ukarane diuacapake kanggo bocah. Sajrone ukarane wewaler uga nuduhake struktur gramatikal sintaktis tartamtu adhedhasar wujud lan susunan sajrone ukara. Mula sadurunge ngandharake werdi kang kinandhut sajrone ukara, bakal diandharake luwih dhisik tatanan basa sajrone ukarane wewaler. Struktur gramatikal sintaktis sajrone wewaler bakal diandharake adhedhasar wujud ukara kang ndhapuk wewalere bocah lan telung perangan sintaktis (triaspek sintaksis) minangka panjlentreh lan pandhapuke ukara.

Wujude ukarane wewalere bocah uga ngemu maksud kang maneka warna. Maksud kang kinandhut sajrone ukarane wewaler bisa dimangerteni kanthi cara nyenyak lan wawancara nalika nglumpukake dhata wewalere bocah. Maksud sajrone ukarane wewaler yaiku menging, ngongkon, lan mrayogakake. Saka wujude ukarane wewaler kang nduweni maksud menging yaiku nduweni titikan yen sajrone ukara mawa tembung “aja”, lan sawise tembung “aja” minangka tembung kriya kang dipenging uga bisa digandhengeke marang tembung sawise apa sadurunge.

Saliyane ngemu maksud menging, ukarane wewaler uga ngemu maksud ngongkon lan mrayogakake. Kalorone maksud kasebut nduweni titikan kang padha yaiku ukarane tanpa tembung “aja”. Dene titikane ukarane wewaler kang nduweni maksud ngongkon yaiku tembung kriya kang dipenging minangka tembung kriya tanggap. Dene titikane ukarane wewaler kang mrayogakake yaiku mawa tembung “kudu” utawa “ndang”.

Jinise ukara yen kadeleng saka cacah gatra kaperang dadi loro yaiku, ukara lamba lan ukara camboran. Miturut Sasangka (2013: 181), Ukara lamba yaiku ukara kng dumadi saka sagatra. Tegese, ukara kasebut mung dumadi saka jejer lan wasesa sarta bisa ditambah lesan, geganep, utawa katrangan. Dene ukara camboran miturut Sasangka (2013: 182), saben ukara kang dumadi saka rong gatra utawa luwih bisa kasebut ukara camboran. Saka wujud ukara, ukarane wewaler kalebu jinis ukara camboran sejajar. Miturut Sasangka (2013: 182), ukara camboran sejajar utawa klausa koordinatif yaiku ukara kang dumadi saka rong gatra utawa luwih. Gatra-gatra kasebut digabung dadi siji kanthi nggunakake tembung panggandheng utawa tandha koma ing antarane gatra siji lan sijine.

Supaya luwih gampang nafsirake werdi, kudu mangerteni wujud luwih dhisik. Menawa katitik saka wujud, wewaler kalebu salah sawijine ukara pakon. Miturut sasangka (2013: 199), ukara pakon utawa imperatif yaiku ukara kang surasane awujud pakon utawa perintah marang wong liya supaya nindakake sawijine bab utawa pakaryan kaya kang dikarepake kang ngongkon. Wujud ukara pakon ana lima, yaiku pakon (1) lumrah, (2) pamenging, (3) pangajak, (4) panantang, lan (5) paminta. Dene wewaler kalebu ukara pakon pamenging.

Wernane ukarane wewaler adhedhasar bleger ukarane kaperang dadi telu yaiku pakon, pakon pamenging, pakon paminta. Anggone merang kanthi dhasar maksud kang kinandhut sajrone wewalere bocah lan perkara kasebut bisa nemtokake kadar imperatif sajrone wewaler. Wewalere bocah kang nduweni maksud menging kalebu wernane ukara pakon pamenging, dene wewalere bocah kang nduweni maksud ngongkon kalebu wernane ukara pakon, banjur wewalere bocah kang nduweni maksud mrayogakake kalebu wernane ukara pakon paminta.

Dene ukarane wewaler kang awujud ukara pakon supaya bisa ditafsirake werdine bakal dianalisis lumantar struktur sintaksise adhedhasar telung perangan sintaktis (triaspek sintaksis) kang minangka panjlentreh lan pandhapuke ukarane wewalere bocah. Triaspek sintaksis kang dikarepake yaiku wujud, guna, lan kalungguhan.

Miturut pamawase Sudaryanto (1991:13), wujud asipat formal lan sistemik. Sinebut formal amarga mung mujudake aspek wujud. Sistemik amarga nalika nemtokake wujud sajrone ukara ora perlu nggatekake wujud tembung ing sandhinge. Sudaryanto (1991:65) negesake menawa wujud lumrahe arupa tembung.

Guna manggon ana ing perangan sintaksis kang struktural. Mula ana telung wateg kang diduweni guna, yaiku formal, kosong, lan struktural. Asipat formal amarga ana sesambungane karo kosong lan struktural lan ora kaiket unsur semantik tartamtu, lan ora kaiket unsur kategorial tartamtu. Verhaar (2008:165) ngandharake menawa guna minangka aspek enggon saka wujud, saengga guna mujudake samubarang kang diisi lan dinggoni. Guna kang bisa diisi lan dinggoni kasebut mujudake wateg kosonge guna. Mula guna kasebut kudu diisi dening wujud tartamtu lan makna tartamtu (kalungguhan). Anane sesambungan sajrone guna kasebut mujudake wateg struktural guna.

Miturut pamawase Sudaryanto (1991:13), kalungguhan kalebu tataran kang katelu lan paling asor drajad abstrake yen dibandhingake karo aspek liyane. Sudaryanto (1991:67) nambahake manawa kalungguhan kuwi ngisi guna kang asipat semantis utawa maknawi lan sintaktis utawa struktural. Diarani semantis amarga kalungguhan mujudake aspek makna lan asipat struktural negesake manawa kalungguhan mujudake aspek raga kang dadi pasangan wujud kanthi maknawi. Banjur perangane saka kalungguhan kasebut ing antarane, yaiku paraga, sasaran, reseptif, benefaktif, faktor, target, lokatif, kompanional, piranti, wektu, lan metodhe (Sudaryanto, 1991:151-153). Sudaryanto (1991:61-62) ngandharake

manawa kalungguhan bisa diperang dadi rong perangan adhedhasar konstituen kang manggon ing kalungguhan kasebut, yaiku konstituen utama lan konstituen panyengkuyung. Konstituen utama bisa ngenggoni kalungguhan proses, kahanan, tanduk, tanggap, tanggap tarung, pakon tanduk, pakon tanggap, bali angga, lan bali angga tanduk (Sudaryanto, 1991:139-150). Banjur kang diarani konstituen panyengkuyung yaiku konstituen kang anane ditemtokake saka wasesane, banjur diarani argumen.

Werdine Wewalere Bocah

Supaya luwih gampang nafsirake werdi, kudu mangerteni wujud luwih dhisik. Menawa katitik saka wujud, wewaler kalebu salah sawijine ukara pakon. Miturut sasangka (2013: 199), ukara pakon utawa imperatif yaiku ukara kang surasane awujud pakon utawa perintah marang wong liya supaya nindakake sawijine bab utawa pakaryan kaya kang dikarepake kang ngongkon. Wujud ukara pakon ana lima, yaiku pakon (1) lumrah, (2) pamenging, (3) pangajak, (4) panantang, lan (5) paminta. Dene wewaler kalebu ukara pakon pamenging.

Wernane ukarane wewaler adhedhasar bleger ukarane kaperang dadi telu yaiku pakon, pakon pamenging, pakon paminta. Anggone merang kanthi dhasar maksud kang kinandhut sajrone wewalere bocah lan perkara kasebut bisa nemtokake kadar imperatif sajrone wewaler. Wewalere bocah kang nduweni maksud menging kalebu wernane ukara pakon pamenging, dene wewalere bocah kang nduweni maksud ngongkon kalebu wernane ukara pakon, banjur wewalere bocah kang nduweni maksud mrayogakake kalebu wernane ukara pakon paminta.

Dene ukarane wewaler kang awujud ukara pakon supaya bisa ditafsirake werdine bakal dianalisis lumantar struktur sintaksise adhedhasar telung perangan sintaktis (triaspek sintaksis) kang minangka panjlentreh lan pandhapuke ukarane wewalere bocah. Triaspek sintaksis kang dikarepake yaiku wujud, guna, lan kalungguhan.

Miturut pamawase Sudaryanto (1991:13), wujud asipat formal lan sistemik. Sinebut formal amarga mung mujudake aspek wujud. Sistemik amarga nalika nemtokake wujud sajrone ukara ora perlu nggatekake wujud tembung ing sandhinge. Sudaryanto (1991:65) negesake menawa wujud lumrahe arupa tembung.

Guna manggon ana ing perangan sintaksis kang struktural. Mula ana telung wateg kang diduweni guna, yaiku formal, kosong, lan struktural. Asipat formal amarga ana sesambungane karo kosong lan struktural lan ora kaiket unsur semantik tartamtu, lan ora kaiket unsur kategorial tartamtu. Verhaar (2008:165) ngandharake menawa guna minangka aspek enggon saka wujud, saengga guna mujudake samubarang kang diisi lan dinggoni. Guna kang bisa diisi lan dinggoni kasebut mujudake wateg kosonge guna. Mula guna kasebut kudu diisi dening wujud tartamtu lan makna tartamtu (kalungguhan). Anane sesambungan sajrone guna kasebut mujudake wateg struktural guna.

Miturut pamawase Sudaryanto (1991:13), kalungguhan kalebu tataran kang katelu lan paling asor drajad abstrake yen dibandhingake karo aspek liyane. Sudaryanto (1991:67) nambahake manawa kalungguhan kuwi ngisi guna kang asipat semantis utawa maknawi lan sintaktis utawa struktural. Diarani semantis amarga kalungguhan mujudake aspek makna lan asipat struktural negesake manawa kalungguhan mujudake aspek raga kang dadi pasangan wujud kanthi maknawi. Banjur perangane saka kalungguhan kasebut ing antarane, yaiku paraga, sasaran, reseptif, benefaktif, faktor, target, lokatif, kompanional, piranti, wektu, lan metode (Sudaryanto, 1991:151-153). Sudaryanto (1991:61-62) ngandharake manawa kalungguhan bisa diperang dadi rong perangan adhedhasar konstituen kang manggon ing kalungguhan kasebut, yaiku konstituen utama lan konstituen panyengkuyung. Konstituen utama bisa ngenggoni kalungguhan proses, kahanan, tanduk, tanggap, tanggap tarung, pakon tanduk, pakon tanggap, bali angka, lan bali angka tanduk (Sudaryanto, 1991:139-150). Banjur kang diarani konstituen panyengkuyung yaiku konstituen kang anane ditemtokake saka wasesane, banjur diarani argumen.

Werdi yaiku sesambungan antarane tandha kang arupa lambang uni sajrone tuturan lan kedadeyan kang dikarepake (Djasasudarma, 2009:53). Kanggo nggoleki werdi kudu nggatekake tandha-tandha ing pocapan. Dene miturut Kridalaksana (2008:19) werdi yaiku konsep kang nggayutake antarane maksud lan makna. Dene Aminuddin (1998:50) ngandharake yen werdi minangka sesambungan antarane basa lan samubarang sajabane basa kang disarujuki dening panganggo basa temah bisa padha-padha ngerti.

Saka andharane para ahli basa ing ndhuwur bisa didudut yen werdi yaiku konsep kang nggayutake antarane maksud lan makna kang wis disarujuki dening panganggo basa temah bisa mangerteni apa kang dadi werdine.

Maksud miturut Chaer (2009:35) yaiku sakabehe bab kang dumunung ing sajabane pocapan utawa tuturan. Mula ing kene nggunakake lelandhesan teorine maksud dening Chaer kang ngandharake yen maksud kuwi sakabehe bab kang dumunung ing sajabane pocapan yen kadeleng saka kahanane pamicara utawa subjeke cecaturan. Panutur anggone ngandharake tuturan kang bias awujud ukara utawa gatra nduweni maksud tartamtu. Tuladhane maksud ing saben dina kang kerep diweruhi kaya dene “Rokok, Pak?”. Pocapan kasebut yaiku pocapane bakul asongan kang ditujokake marang wong kang numpak bis. Sanajan wujud pitakonan, nanging bakul mau ora nduweni maksud takon marang wong kang numpak bis, nanging maksude yaiku mawakake barang dagangane.

Makna miturut Aminuddin (2003:85) yaiku sesambungan antarane basa karo kahanan sajabane basa kang wis disarujuki dening panganggo basa. Wujud makna bisa digunakake kanggo ngandharake kawruh utawa pawarta kang diandharake panutur temah bisa dimangerteni dening mitra tutur. Dene Wijaya sajrone Abdul (1995:17) ngandharake yen makna kuwi minangka wujud kabasan kang nduweni sesambungan karo konsep

sajrone pamikirane manungsa lan konsep kasebut lumrahe sesambungan marang samubarang sajabane basa kang sinebut eneran.

Lelandhesan Teori

Panliten ngenani werdine wewaler nggunakake teori semantik generatif. Semantik generatif digunakake kanggo nemtokake werdi sajrone ukara. Semantik generatif uga nuduhake pendhekatan ngenani studi kang ngrembug babagan manungsa sajrone guna basane kang khas. Teori Semantik generatif digunakake kanggo njlentrehake werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo, Kecamatan Rengel, Kabupaten Tuban.

Teori semantik generatif yaiku sawijine teori kang dumadi amerga ora marem saka teori semantik struktural. Miturut Lech (2003: 399) Semantik generatif dumadi saka teori klasik, nanging ngrembaka lumantar alur kang beda. Pamawas kasebut nuduhake struktur njero kudu luwih cedhak kanthi nggambarake makna sawijine ukara, lan tumuju dawane proses transformasional ngenani derivasi saka struktur njero marang struktur njaba. Sintaksis katon luwih abstrak. Dene miturut Chomsky (sajrone Lech, 2003: 399) perkara kasebut ora asipat sintaksis, nanging asipat semantik amerga struktur njero wis bisa nggambarake anane struktur njaba.

METODHE PANLITEN

Jinise Panliten

Panliten werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo, Kecamatan Rengel, Kabupaten Tuban asipat dheskriptif analisis. Panliten iki ana sesambungane karo werdine wewalere bocah kang ora mung bisa didheskripsikake wae, nanging uga dianalisis unen-unene kanthi pangajab bisa luwih cetha anggone ngerteni werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo, Kecamatan Rengel, Kabupaten Tuban. Panliten ngenani werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo, Kecamatan Rengel, Kabupaten Tuban iki ngandharake lan njlentrehake sakabehe ukara kang awujud wewaler banjur dianalisis.

Sipate Panliten

Panliten werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo, Kecamatan Rengel, Kabupaten Tuban nduweni sipat sinkronis. Saussure sajrone Mahsun (2005:84) ngandharake yen linguistik sinkronis yaiku bidhang ilmu basa kang nganalisis basa ing wektu tartamtu. Miturute Mahsun (2005:84), panliten basa kanthi cara sinkronis yaiku panliten basa kang ditindakake kanthi ndeleng fenomena basa ing wektu tartamtu temah nduweni sipat dheskriptif.

Panliten kang asipat sinkronis ana telung cara kang ditindakake yaiku nyepakake dhata, nganalisis dhata, lan ngrumusake asile panliten. Panliten kang asipat sinkronis ing panliten iki ngrembug babagan werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo, Kecamatan Rengel, Kabupaten Tuban.

Dhata lan Sumber Dhata

Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku ukara kang awujud wewalere bocah ing Desa Bulurejo, Kecamatan Rengel, Kabupaten Tuban. Dhata awujud informasi kang awujud wewalere bocah diklumpukake saka sumber dhata. Dhata kang diklumpukake sajroning panliten iki saka asile interaksi langsung karo narasumber. Dhata saka narasumber banjur diolah lan dianalisis.

Sumber Dhata sajroning panliten iki yaiku rekaman lan cathetan saka wong kang nggunakake wewalere bocah ing Desa Bulurejo, Kecamatan Rengel, Kabupaten Tuban. Pawongan kang dikarepake yaiku pendhudhuk ing Dhusun Bulu, Desa Bulurejo, Kecamatan Rengel, Kabupaten kang wis nate menehi wewaler marang anake utawa marang bocah.

Tata Carane Njlentrehake Dhata

Tata carane njlentrehake dhata wewalere bocah ing Desa Bulurejo, Kecamatan Rengel, Kabupaten Tuban kanthi nggunakake metodhe *interpretasi* lan teknik *reduksi* (Sharpe, 1982). Metodhe lan teknik kasebut ditindakake kanggo nemokake makna kang kinandhut sajrone wewaler bocah ing Tuban. Metodhe *interpretasi* lan teknik *reduksi* iki digunakake kanggo nganalisis dhata napsirake kanthi langsung makna wewalere bocah kang nuduhake makna kang ora salugune. Mula makna wewalere bocah kudu didadekake siji karo kahanan sanyatane wong Jawa ing dhaereh kasebut kang tansah ngugemi wewalere bocah.

Tata Carane Nyuguhake Asile Panliten

Dhata kang wis dijlentrehake diandharake kanthi metodhe informal lan formal. Menawa metodhe formal nyuguhake asile panliten kanthi cara dheskripsi dhokumen ngenani dhata minangka lampiran. Nyuguhake asile panliten kanthi cara formal yaiku kanthi ndheskripsikake ngenani maksud, makna, lan werdine wewalere bocah nggunakake angka-angka lan kodhe-kodhe. Dene metodhe informal ngandharake asile analisis dhata kanthi nggunakake tembung-tembung kang asipat ringkes supaya nggampangake anggane mangerteni asile panliten iki.

ANDHARAN LAN JLENTREHAN

Werdi sajrone wewaler bisa dimangerteni kanthi nggayutake antarane maksud kang kinandhut sajrone wewaler lan makna kang kinandhut sajrone wewaler. Dadi andharan ngenani werdine wewaler wis bisa nggambarake maksu lan makna kang ana sajrone wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban.

Anggone ngandharake werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban kanthi nggatekake struktur sintiaktis sajrone ukarane wewaler. Struktur sintaktis kang dikarepake yaiku wujud, guna, lan kalungguhan sajrone ukarane wewaler.

Sanajan anggone ngoceki werdi adhedhasar struktur sintaktis, nanging perangan ngenani werdine wewaler bakal diperang adhedhasar maksud kang kinandhut sajrone wewaler. Jejere wewaler minangka

paugerang temah bisa nglakoni solah bawa kang pener nduweni maksud kang maneka warna. Maksud sajrone wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban ana telu cacahé, yaiku maksud menging, maksud ngongkon, lan maksud mrayogakake.

Wewalere Bocah kang Nduweni Maksud Menging

Maksud menging sajrone ukarane wewaler yaiku minangka prentah kang ora oleh dilakoni dening bocah kang dikenani wewaler. Jinise wewalere bocah kang nduweni maksud menging yen kadeleng saka wernane ukara adhedhasar surasane kalebu ukara pakon pamenging. Maksud menging kang kinandhut sajrone ukarane wewaler nduweni titikan yen sajrone ukara mawa tembung “aja”, lan sawise tembung “aja” minangka tembung kriya kang dipenging uga bisa digandhengake marang tembung sawise apa sadurunge.

- (1) *Aja njongoki bantal, mundhak udunen.*
- (2) *Aja sok njongoki krambil.*
- (3) *Nek mangan aja salin ajang, besuk mundhak wayuh.*
- (4) *Aja turu ngisore blandar, mundhak ketindhien.*
- (5) *Esuk-esuk aja petan.*

Wewaler ing ndhuwur minangka wewaler kang nduweni maksud menging. Katitik saka wujud ukara kang mawa tembung “aja” sajrone ukara, lan sawise tembung “aja” minangka tembung kriya kang dipenging uga bisa digandhengake marang tembung sawise apa sadurunge.

Ukarane wewaler kang nduweni maksud menging menawa kadeleng saka jinise ukara ana loro cacah yaiku, ukara lamba lan ukara camboran. Mula andharan ngenani wewaler kang nduweni maksud menging bakal diperang adhedhasar jinise ukara, yaiku ukara lamba lan ukara camboran.

Wewalere Bocah kang Nduweni Maksud Menging Awujud Ukara Lamba

Ukarane wewaler kang kalebu ukara lamba yaiku sajrone ukara kasebut mung kasusun saka gatra pamenging blaka. Sanajan tanpa gatra daya, ukarane wewaler isih bisa muni amerga kang ditengenake sajrone wewaler yaiku gatra pamenging kang isine menging amrih ora nglakoni pakaryan kang dipenging sajrone gatra pamenging kasebut. Gatra pamenging nduweni titikan sajrone gatra mawa tembung “aja” lan sawise tembung “aja” kasebut gunane gatra minangka wasesa.

- (6) *Aja ngombe nganggo irus.*
G. Pamenging
- (7) *Bengi-bengi aja lunganan.*
G. Pamenging
- (8) *Aja gandhulan lawang.*
G. Pamenging
- (9) *Surup-surup aja dolanan, iku lagi candhikala.*
G. Pamenging
- (10) *Aja adus surup-surup.*

G. Pamenging

Wewaler ing ndhuwur nuduhake ukarane wewaler kang kalebu ukara lamba kanthi titika kasusun saka gatra pamenging blaka. Gatra pamenging nduweni titikan sajrone gatra mawa tembung “aja” lan sawise tembung “aja” kasebut gunane gatra minangka wasesa.

Adhedhasar gunane ukara, ukarane wewaler kang kalebu ukara lamba uga maneka warna wujud. Menawa kadameleng saka lesan kang ana sajrone gatra, ana wewaler kang mawa lesan lan tanpa lesan, uga ana kang mawa geganep lan tanpa geganep. Mula ing kene wewaler kang ngemu maksud menging lan tanpa gatra daya bakal diperang adhedhasar guna yaiku mawa lesan mawa geganep, mawa lesan tanpa geganep, tanpa lesan mawa geganep, lan tanpa lesan tanpa geganep.

Wewalere Bocah kang Nduweni Maksud Menging Awujud Ukara Lamba mawa Lesan mawa Geganep

Salah sawijine struktur sintaktis kang dinduweni wewaler yaiku ukarane wewaler kang mawa lesan lan mawa geganep. Anane lesan lan geganep ing kene minangka bab kang digayutake marang wasesane gatra pamenging kang ketemplekan tembung “aja”, tegese perkara kang dipenging digayutake marang lesan lan geganep. Menawa ora digayutake marang lesan lan geganep, ukarane wewaler ora bisa muni.

(11) Aja lungguh lemekan sapu.

FKr	TKr	TAr
W	G	L
PTd	Pir	Pan

Adhedhasar struktur sintaktis, wewaler kasebut nduweni werdi supaya ora nglungguhi sapu amerga sapu kuwi minangka piranti kanggo reresik. Sapu kang jejere minangka piranti reresik mesthi wae akeh regedan kang tumemplek ing sapu kuwi. Menawa sapu dilungguhi regedan kang ana ing sapu bakal tumemplek ing bokonge bocah kang nglungguhi sapu kasebut. Saliyane kuwi yen sapu dilungguhi bisa njalari sapu gelis rusak.

Andharan ing ndhuwur nuduhake werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban adhedhasar struktur sintaktis, dene perangan kalebu jinise wewaler kang ngemu maksud menging kang kalebu jinise ukara lamba lan susunan sajrone ukara mawa lesan lan geganep ing gatra pamenginge.

Wewalere Bocah kang Nduweni Maksud Menging Awujud Ukara Lamba mawa Lesan tanpa Geganep

Salah sawijine struktur sintaktis kang dinduweni wewaler yaiku ukarane wewaler kang mawa lesan lan tanpa geganep. Anane lesan ing kene minangka bab kang digayutake marang wasesane gatra pamenging kang ketemplekan tembung “aja”, tegese perkara kang dipenging digayutake marang lesan.

(12) Aja sok njongoki krambil.

FKr	TAr
W	L
PTd	Pan

Adhedhasar struktur sintaktis, wewaler kasebut nduweni werdi amrih ora nglungguhi krambil amerga krambil kuwi minangka panganan, yen dilungguhi ateges ora ngajeni marang panganan. Kejaba minangka panganan, wujud krambil kang bunder yen dilungguhi bisa mbabayani amerga gampang mbreset. Ana kang ngandharake uga yen krambil kuwi minangka pralambenge siraha wong tuwa.

Andharan ing ndhuwur nuduhake werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban adhedhasar struktur sintaktis, dene perangan kalebu jinise wewaler kang ngemu maksud menging kang kalebu jinise ukara lamba lan susunan sajrone ukara mawa lesan lan tanpa geganep ing gatra pamenginge.

Wewalere Bocah kang Nduweni Maksud Menging Awujud Ukara Lamba tanpa Lesan mawa Geganep

Salah sawijine struktur sintaktis kang dinduweni wewaler yaiku ukarane wewaler kang tanpa lesan lan mawa geganep. Anane geganep ing kene minangka bab kang digayutake marang wasesane gatra pamenging kang ketemplekan tembung “aja”, tegese perkara kang dipenging digayutake marang lesan. Geganep ing kene bias awujud katrangan wayah lan papan. Adhedhasar gunane tembung katrangan kasebut ora didadekake katrangan, amerga guna katrangan nduweni titikan yen diilangi ora ngowahi sawijine ukara.

(13) Nek mangan durung entek aja ngombe dhisik.

FKr	FKh	FKr
W	G	W
Sol	Asl	PTd

Adhedhasar struktur sintaktis, wewaler kasebut nduweni werdi nalika mangan yen durung entek ora ngombe dhisik amerga nalika mangan kok sereten pancene kudu ngombe. Nanging karepe para seuh menehi wewaler iki yaiku supaya nalika mangan aja nganti sereten. Awit yen mangan kok nganti sereten mratandhani mangane kuwi kesusu, nalika mangan kok kesusu panganan kang diulu isih kasar amerga durung sampurna anggane mamah temah panganan kang nglewati gorokan durung lembut lan njalari sereten. Mangan kang kaya mangkono katon saru banget yen disawang, apa maneh mangane mau nalika kumpul wong akeh.

Andharan ing ndhuwur nuduhake werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel

Kabupaten Tuban adhedhasar struktur sintaktis, dene perangane kalebu jinise wewaler kang ngemu maksud menging kang kalebu jinise ukara lamba lan susunan sajrone ukara tanpa lesan lan mawa geganep ing gatra pamenginge.

Wewalere Bocah kang Nduweni Maksud Menging Awujud Ukara Lamba tanpa Lesan tanpa Gegane

Salah sawijine struktur sintaktis kang dinduweni wewaler yaiku ukarane wewaler kang tanpa lesan lan tanpa gegane. Ora anane lesan lan gegane kasebut amarga wasesa kang awujud tembung kriya kasebut wis bias nuduhake pakaryan kang dipenging sajrone wewaler.

(14)	<u>Aja nginang</u>	<u>utawa udud.</u>
	FKr	FKr
	W	W
	PTd	PTd

Adhedhasar struktur sintaktis, wewaler kasebut nduweni werdi supaya ora nginang utawa udud amarga jejere isih bocah yen wis nginang utawa udud saru yen disawang. Ngining utawa udud kuwi lumrahe kang nglakoni wong kang wis ngancik diwasa. Nikotin kang kinadhut sajrone mbako ora apik kanggo kasarasane bocah, bisa njalari bocah kena lara mengi. Saliyane kuwi jejere bocah kang durung duwe gawean kok wis udud bakal nganteb-ngantebi wong tuwane amarga durung bisa golek dhuwit dhewe kanggo tuku udud.

Andharan ing ndhuwur nuduhake werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban adhedhasar struktur sintaktis, dene perangane kalebu jinise wewaler kang ngemu maksud menging kang kalebu jinise ukara lamba lan susunan sajrone ukara tanpa lesan lan tanpa gegane ing gatra pamenginge.

Wewalere Bocah kang Nduweni Maksud Menging Awujud Ukara Camboran

Ukarane wewaler uga ana kang kalebu ukara camboran sajajar kang katitik saka cacah gatra sajrone ukara. Ukaran wewaler kang kalebu ukara camboran kasusun saka gatra pamenging lan gatra daya. Gatra daya sajrone ukarane wewaler sejatine ora nduweni kalungguhan kang wigati. Anane gatra daya sajrone wewaler minangka panyengkuyung gatra pamenging supaya bocah kang dikenani wewaler wedi lan ora nglakoni apa wae kang dipenging sajrone wewaler. Gatra pamenging nduweni titikan sajrone gatra mawa tembung “aja” lan sawise tembung “aja” kasebut gunane gatra minangka wasesa. Dene gatra daya nduweni titikan sajrone gatra mawa tembung “mundhak” lan sawise tembung “mundhak” kasebut gunane gatra minangka wasesa. Saliyane minangka titikan gatra daya, tembung “mundhak” uga minangka tembung panggandheng kang nggabungake antarane gatra pamenging lan gatra daya.

Amarga anane tembung panggandheng kasebut, mula ukarane wewaler kalebu ukara camboran sejajar.

- | | | | |
|------|--|--------------|---------|
| (15) | <u>Aja mangan ajangan bojog, mundhak ngentekna kamulyan.</u> | G. Pamenging | G. Daya |
| (16) | <u>Aja mangan karo ngilonan, mundhak diiloni setan.</u> | G. Pamenging | G. Daya |
| (17) | <u>Nek mangan aja salin ajang, besuk mundhak wayuh.</u> | G. Pamenging | G. Daya |
| (18) | <u>Aja ngobong rambut, mundhak panas siraha.</u> | G. Pamenging | G. Daya |
| (19) | <u>Aja turu mengkureb, mundhak pangling sing momong.</u> | G. Pamenging | G. Daya |

Wewaler ing ndhuwur nuduhake wewaler kang kalebu ukara camboran sajajar kang kasusun saka rong gatra, yaiku gatra pamenging lan gatra daya. Gatra pamenging nduweni titikan sajrone gatra mawa tembung “aja” lan sawise tembung “aja” kasebut gunane gatra minangka wasesa. Dene gatra daya nduweni titikan sajrone gatra mawa tembung “mundhak” lan sawise tembung “mundhak” kasebut gunane gatra minangka wasesa.

Adhedhasar gunane ukara, wewaler kang kalebu ukara uga maneka warna wujud. Menawa kadeleng saka lesan kang ana sajrone gatra, ana wewaler kang mawa lesan lan tanpa lesan, uga ana kang mawa gegane lan tanpa gegane. Mula ing kene wewaler kang ngemu maksud menging lan mawa gatra daya bakal diperang adhedhasar guna yaiku mawa lesan mawa gegane, mawa lesan tanpa gegane, tanpa lesan mawa gegane, lan tanpa lesan tanpa gegane.

Wewalere Bocah kang Nduweni Maksud Menging Awujud Ukara Camboran mawa Lesan mawa Gegane

Salah sawijine struktur sintaktis kang dinduweni wewaler yaiku ukarane wewaler kang mawa lesan lan mawa gegane. Anane lesan lan gegane ing kene minangka bab kang digayutake marang wasesane gatra pamenging kang ketemplekan tembung “aja”, tegese perkara kang dipenging digayutake marang lesan lan gegane. Menawa ora digayutake marang lesan lan gegane, ukarane wewaler ora bisa muni.

(20)	<u>Nek</u>	<u>aja</u>	<u>upa,</u>	<u>mundhak</u>	<u>ditemple</u>
	<u>mapan</u>	<u>nganti</u>		<u>ngipi</u>	<u>ki lintah.</u>
	<u>uru</u>	<u>gupak</u>			
	FKr	FKr	TAr	FKr	TKh
	G	W	L	W	L
	Sol	PTd	Pan	Kah	Pnd

Adhedhasar struktur sintaktis, wewaler kasebut nduweni werdi supaya nalika mapan turu aja nganti gupak upa utawa kekanthilan upa amerga upa kuwi minangka barang kang pliket. Dene akibat kang tinampa yen nganti mapan turu kok gupak bakal ngipi ketemplekan lintah jalaran lintah kuwi minangka sawijine kewan kang nggilani amerga wujud kang tanpa balung eri lan gawene nyecep getih njalari yen arep mapan turu kudu resik lan ora ketemplekan apa maneh gupak upa. Menawa ana kang ketemplekan utawa gupaka upa bisa wae anggone mangan ana kang ceblok saka ajang lan nemplek. Wewaler iki sejatine mulang bocah supaya resikan.

Andharan ing ndhuwur nuduhake werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban adhedhasar struktur sintaktis, dene perangan kalebu jinise wewaler kang ngemu maksud menging kang kalebu jinise ukara camboran lan susunan sajrone ukara mawa lesan lan geganep ing gatra pamenginge.

Wewalere Bocah kang Nduweni Maksud Menging Awujud Ukara Camboran mawa Lesan tanpa Geganep

Salah sawijine struktur sintaktis kang dinduweni wewaler yaiku ukarane wewaler kang mawa lesan lan tanpa geganep. Anane lesan ing kene minangka bab kang digayutake marang wasesane gatra pamenging kang ketemplekan tembung “aja”, tegese perkara kang dipenging digayutake marang lesan.

(21) Aja njongoki bantal, mundhak udunen.

FKr	TAr	TKh
W	L	W
PTd	Pan	Kah

Adhedhasar struktur sintaktis, wewaler kasebut nduweni werdi supaya ora nglungguhi bantal amerga bantal kuwi minangka pirantine wong turu, kanggo ngganjel sirah. Dene tumrape wong Jawa sirah kuwi diajeni banget, yen bokong kuwi kaanggep barang kang asor. Dadi ganjel sirah yen digunakake ganjel bokong utawa dilungguhi bisa nyuda ajine sirah.

Andharan ing ndhuwur nuduhake werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban adhedhasar struktur sintaktis, dene perangan kalebu jinise wewaler kang ngemu maksud menging kang kalebu jinise ukara camboran lan susunan sajrone ukara mawa lesan lan tanpa geganep ing gatra pamenginge.

Wewalere Bocah kang Nduweni Maksud Menging Awujud Ukara Camboran tanpa Lesan mawa Geganep

Salah sawijine struktur sintaktis kang dinduweni wewaler yaiku ukarane wewaler kang tanpa lesan lan mawa geganep. Anane geganep ing kene minangka bab kang digayutake marang wasesane gatra pamenging kang ketemplekan tembung “aja”, tegese perkara kang dipenging digayutake marang lesan. Geganep ing kene bias awujud katrangan wayah lan papan. Adhedhasar gunane tembung katrangan kasebut ora didadekake katrangan, amerga guna katrangan nduweni titikan yen diilangi ora ngowahi sawijine ukara.

(22)	<u>Aja</u> <u>njongok</u>	<u>nen</u> <u>tengah</u> <u>lawang.</u>	<u>mundhak</u> <u>jodhange</u>	<u>mbalik.</u>
	TKr	TKt	Tar	TKr
	W	G	J	W
	PTd	Pnd	Pir	Kah

Adhedhasar struktur sintaktis, wewaler kasebut nduweni werdi supaya ora lungguh ing tengah lawang amerga lawang kuwi minangka dalan kanggo mlebu lan metu omah. Dene dilungguhi yen ana wong arep lewat bakale kedhang-dhangan kang lungguh ing tengah lawang mau.

Andharan ing ndhuwur nuduhake werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban adhedhasar struktur sintaktis, dene perangan kalebu jinise wewaler kang ngemu maksud menging kang kalebu jinise ukara camboran lan susunan sajrone ukara tanpa lesan lan mawa geganep ing gatra pamenginge.

Wewalere Bocah kang Nduweni Maksud Menging Awujud Ukara Camboran tanpa Lesan tanpa Geganep

Salah sawijine struktur sintaktis kang dinduweni wewaler yaiku ukarane wewaler kang tanpa lesan lan tanpa geganep. Ora anane lesan lan geganep kasebut amerga wasesa kang awujud tembung kriya kasebut wis bias nuduhake pakaryan kang dipenging sajrone wewaler.

(23)	<u>Aja</u> <u>mangan</u>	<u>karo buk,</u> <u>dijerum</u>	<u>mundhak</u> <u>tangga.</u>	
	FKr	TKr	TKr	Tar
	W	W	W	L
	PTd	Kah	Kah	Pnd

Adhedhasar struktur sintaktis, wewaler kasebut nduweni werdi supaya ora mangan karo teturon amerga yen nganti karo teturon kuwi bisa diarani murang tata. Kejaba diarani murang tata, mangan karo teturon kuwi ora apik kanggo kesarasan yaiku nalika teturon kuwi gorokane manungsa rada nutup, kamangka mangan kuwi gorokane manungsa kudu mbukak kanthi sampurna, dene ora bisa mbukak kanthi sampurna bisa njalari keselak. Saliyane bisa

njalari kesalak, bisa uga njalari lara weteng amerga nalika mangan kuwi uga mbutuhake dalan kanggo panganan tumuju weteng kang lanyah lan nalika teturon weteng kurang rosa anggane ngejur panganan temah njalari lara weteng.

Andharan ing ndhuwur nuduhake werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban adhedhasar struktur sintaktis, dene perangan kalebu jinise wewaler kang ngemu maksud menging kang kalebu jinise ukara camboran lan susunan sajrone ukara tanpa lesan lan tanpa geganep ing gatra pamenginge.

Wewalere Bocah kang Nduweni Maksud Ngongkon

Sanajan wewaler minangka pamenging, nanging uga ana jinise wewaler kang nduweni maksud ngongkon. Jinise wewalere bocah kang nduweni maksud ngongkon yen kadamel saka wernane ukara adhedhasar surasane kalebu ukara pakon. Maksud ngongkon kasebut nduweni karep ngongkon supaya nglakoni solah bawa kang pener. Jinise wewaler kang nduweni maksud menging nduweni titikan tembung kriya kang kinandhut ing gatra pemenging minangka tembung kriya tanggap kang surasane ngongkon supaya nglakoni pakaryan kaya ing linggane tembung.

(24)	<u>Nek mangan</u>	<u>dientekna,</u>	<u>mundhak</u>	<u>mati.</u>
			<u>pitike</u>	
	TKr	TKr	TAr	TKr
	W	G	J	W
	Sol	PTg	Pan	Ref

Adhedhasar struktur sintaktis, wewaler kasebut nduweni werdi supaya anggane mangan aja nganti nyisa amerga yen nganti mangan ora nganti entek kuwi padha wae ora ngregani panganan. Apa maneh jejere bocah isih durung bisa golek pangan dhewe uga bisa njalari gelane wong kang masakake. Saliyane kuwi jalaran mangan ora entek yaiku bisa wae anggane imbu kakehan, mula pamenging iki uga mulang supaya anggane imbu mangan aja akeh-akeh, dene mangane wis entek nanging isih luwe bisa tanduk, tinimbang imbu kakehan lan

Andharan ing ndhuwur nuduhake werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban adhedhasar struktur sintaktis, dene perangan kalebu jinise wewaler kang nduweni maksud ngongkon. Cacahe wewaler kang nduweni maksud menging, jalaran jejer wewaler kuwi minangka pamenging temah bisa ngecakake solah bawa kang pener.

Wewalere Bocah kang Nduweni Maksud Mrayogakake

Sanajan wewaler minangka pamenging, nanging uga ana jinise wewaler kang nduweni maksud mrayogakake. Jinise wewalere bocah kang nduweni maksud mrayogakake yen kadamel saka wernane ukara

adhedhasar surasane kalebu ukara pakon paminta. Maksud mrayogakake kasebut nduweni karep mrayogakake pakaryan kang disebutake sajrone wewaler. Jinise wewaler kang nduweni maksud mrayogakake nduweni titikan mawa tembung pangongkon kaya ta “kudu” lan “ndang”, sanajan mawa tembung pangongkon nanging surasane ukara mrayogakake pakaryan kang wis disebutake.

(99)	<u>Nek</u>	<u>sing resik,</u>	<u>mundhak oleh</u>	<u>sing</u>
	<u>nyapu</u>		<u>jodho</u>	<u>elek.</u>
	TKr	TKh	TKr	TKh
	W	G	W	L
	Sol	Pnd	Kah	Pan

Adhedhasar struktur sintaktis, wewaler kasebut nduweni werdi supaya anggane nyapu kudu resiko amerga yen ora resiko kuwi bakal mindho gaweni. Karepe para sesepuh ngandharake wewaler iki yaiku yen nglakoni pakaryan apa wae kudu nganti sampurna. Semana uga nyapu yen ora resiko utawa isih ana regedan kang keru kuwi uga bisa mratandhani yen bocah kang nyapu mau isih kurang taliti anggane nglakoni pakaryan apa wae.

Andharan ing ndhuwur nuduhake werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban adhedhasar struktur sintaktis, dene perangan kalebu jinise wewaler kang nduweni maksud mrayogakake. Cacahe wewaler kang nduweni maksud mrayogakake sithik banget ora kaya wewaler kang nduweni maksud menging, jalaran jejer wewaler kuwi minangka pamenging temah bisa ngecakake solah bawa kang pener.

PANUTUP

Dudutan

Panliten ngenani werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban adhedhasar struktur sintaktis ngasilake telung perangan gedhe kanthi dhasar jinise maksud sajrone wewaler yaiku, maksud menging, maksud ngongkon, lan maksud mrayogakake. Manut kaidah transformasi generatif, yen struktur jero kuwi ana luwih dhisik tinimbang struktur jaba. Mula kanggo mangerteni struktur jero kudu diandharake struktur jabane luwih dhisik. Struktur njaba ing kene yaiku struktur sintaktis wewaler kanthi landhesan triaspek sintaktis. Dene struktur njero yaiku werdi kang kinandhut sajrone wewaler kanthi nggayutake antarane maksud lan makna sajrone wewaler. Mula sadurunge ngoceki werdine bakal diandharake luwih dhisik struktur sintaktis wewaler.

Wewaler kang jejere minangka pamenging, nanging maksud kang kinandhut sajrone wewaler ora mung menging blaka. Jinise maksud kang ana sajrone wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban kaperang dadi telu yaiku, maksud menging, maksud ngongkon, lan maksud mrayogakake.

Maksud menging nduweni titikan tembung “aja” sajrone ukara. Dene titikane ukarane wewaler kang nduweni maksud ngongkon yaiku tembung kriya kang dipenging minangka tembung kriya tanggap. Dene titikane ukarane wewaler kang mrayogakake yaiku mawa tembung “kudu” utawa “ndang”. Cacahe wewaler kang paling akeh yaiku kalebu wewaler kang nduweni maksud menging.

Wewaler kang nduweni maksud menging bakal diperang maneh adhedhasar jinise ukara yaiku, ukara lamba lan ukara camboran. Ukara lamba sajrone wewaler nduweni titikan sajrone ukara mung kasusun saka gatra pamenging blaka kanthi titikan mawa tembung “aja” sajrone gatra kasebut. Dene ukara camboran sajrone wewaler nduweni titikan sajrone ukara kasusun saka gatra pamenging lan gatra daya. Gatra daya nduweni titikan mawa tembung “mundhak” kang jejer uga minangka tembung pangandheng antarane gatra pamenging lan gatra daya.

Jinis ukarane wewaler kang awujud ukara lamba lan ukara camboran maneka warna struktur sintaktise. Mula jinis ukarane wewaler kang awujud ukara lamba lan ukara camboran bakal diperang maneh adhedhasar gunane ukara yaiku, mawa lesan mawa geganep, mawa lesan tanpa geganep, tanpa lesan mawa geganep, tanpa lesan tanpa geganep.

Pamrayoga

Panliten ngenani werdine wewalere bocah ing Desa Bulurejo Kecamatan Rengel Kabupaten Tuban isih ana kang durung ditliti kanthi cetha. Panliten iki mung ngandharake ngenani wujud wewaler, werdine wewaler, lan sesambungan antarane pamenging lan akibat sajrone wewaler. Dhata kang diolehi mung saperangan lan isih akeh kang durung diklumpukake, saliyané iku ana babagan kang durung dirembug ing panliten iki kaya dene babagan psikologis, babagan sosial, babagan budaya, lan sapanunggalane. Mula saka kuwi, panliten iki bisa dibacutake kanthi ngandharake babagan-babagan kasebut. Anggone nglumpukake dhata uga bisa saka papan liya, temah bisa nandhingake antarane wewaler kang dumunung ing saben papan.

KAPUSTAKAN

Adipitoyo, Sugeng. 2013. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa*. Surabaya : Citra Wacana.

Aminuddin. 2003. *Semantik Pengantar Studi Tentang Makna*. Bandung: CV Sinar Baru.

Arikunto, Suharsimi. 1998. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta

Chaer, Abdul. 2009. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.

Djajasudarma, Fatimah. 1999. *Semantik 1 Pemahaman Ilmu Makna*. Bandung: PT Refika Aditama.

Djajasudarma, Fatimah. 2009. *Semantik 2 Pemahaman Ilmu Makna*. Bandung: PT Refika Aditama.

Geert, Clifford. 1983. *Abangan, Santri, Priyayi dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: PT Dunia Pustaka Jaya

Gudai, Darmawangsa. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Jakarta.

Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.

Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT Rajagrafindo Persada.

Mangunsuwito, S. A. 2001. *Kamus Bahasa Jawa, Jawa-Indonesia*. Bandung: CV. Yrama Widya.

Parera, J.D. 2004. *Teori Semantik Edisi Kedua*. Jakarta: Erlangga.

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters.

Pateda, Mansoer. 2010. *Semantik Leksikal*. Jakarta: Rineka Cipta.

Sasangka, Sri Satriya Tjatur Wisnu. 2008. *Kamus Jawa-Indonesia, Krama-Ngoko*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.

_____. 2013. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta : Yayasan Paramalingua.

Sudaryanto, dkk. 1993. *Metode dan Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.

_____. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa-Jawa*. Yogyakarta : Duta Wacana University Press.

Sudaryanto, Pranowo. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Kepatihan Danurejan.

Wahab, Abdul. 1995. *Teori Semantik*. Surabaya: Airlangga University Press.